


Gid referans sa a fè pati aksyon **Soumèt Enfòmasyon davans**. Anvan ou ka aksepte yon òf randevou, tanpri asire w ke ou te konplete etap sa yo.

Soumèt enfòmasyon davans

Soumèt enfòmasyon ou anvan ou rive nan yon Pò Antre nan sidwès. Navige nan aksyon Soumèt Enfòmasyon davans nan CBP One™ epi anrejistre tout vwayajè yo.

Resevwa yon randevou

Mande yon randevou, apres a tann randevou yo anonse. Si w resevwa yon randevou, kontinye nan **Etap 1**.




Kesyon? Kontakte nou nan:

CBPOne@cbp.dhs.gov


1. Louvri Enfòmasyon Davans

Chwazi **Traveler | Viajero**. Chwazi Tè, apres a chwazi **CONTINUE**. Chwazi **Submit Advance Information**. Revize enstriksyon yo, epi chwazi **CONTINUE**.



2. Louvri Enskripsyon w la

Chwazi enskripsyon ou. Si w gen yon òf randevou, enskripsyon w la ap di **RANDEVOU ANTANDAN KONFIRMASYON**.




3. Chwazi Aksepte Randevou

Revize detay randevou yo ofri yo, epi chwazi **AKSEPTE RANDEVOU**. Ou dwé nan yon **koté ki otorizé** pou w aksépte épi pran yon randevou.




4. Pran yon Selfie videyo

Chwazi yon vwayajè nan enskripsyon ou. Revize enstriksyon yo, apres a tape nenpòt kote sou ekran an epi pran yon selfie videyo sou vwayajè yo chwazi a.



5. Verifye tout vwayajè yo

Repete **Etap 4** pou tout vwayajè ki gen plis pase 13 an. Apre tout vwayajè yo gen yon chèk vèt akote non yo, chwazi **KONTINYE**.



6. Pran randevou

Revize ekran an epi asire w ke tout enfòmasyon yo egzat, apres a chwazi **PROGRAM**. Revize pop-up la epi chwazi **Wi, Orè**.

